


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa bagan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah anu dilakukeun ku panalungtik dina prak-prakan panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.2 Lokasi Panalungtikan

Dina sub-bab ieu dipedar ngeunaan gambaran umum lokasi panalungtikan. Nu jadi tempat panalungtikan nyaéta di Désa Bojong.

3.2.1 Lokasi Géografis

Tempat panalungtikan anu pernahna nyaéta di Désa Bojong anu aya di Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut, kawilang jauh ti ibukota nagara, nyaéta 350 Km ti puseur pamaréntahan nagara Indonesia, 150 Km jarak ti puseur

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEĐAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pamaréntahan Jawa Barat, 75 Km jarak ti pusat pamaréntahan daérah Kabupatén Garut, jeung 5 km jarak ti pamaréntahan Kacamatan Bungbulang.

Lega wilayah Désa Bojong nyaéta 2.128,420 Ha anu kabagi jadi dalapan bagian di antarana nyaéta:

- 1) Sawah satengah irigasi : 176,941 Ha
- 2) Sawah tadah hujan : 169,000 Ha
- 3) Pakampungan : 15,00 Ha
- 4) Taneuh kebon rahayat : 115,000 Ha
- 5) Taneuh kas déas : 87,019 Ha
- 6) Taneuh lapang : 1,750 Ha
- 7) Taneuh pakantoran : 1,500 Ha
- 8) Leuweung larangan : 1.562,210 Ha

Désa Bojong diwengku ku 5 Kapunduhhan, nyaéta Kapunduhan Bojong, Kapunduhan Cilamé, Kapunduhan Cibelentruk, Kapunduhan Babakan, Kapunduhan Ciomas. Jumlah RW aya 11 RW, jeung jumlah RT aya 38 RT.

Table 3.1

Ngaran RW jeung Ketua RW

No	Kampung	Ngaran Ketua RW
1	2	3
1	Bojong	U. Yusup
2	Tenjolaut	N a n a
3	Cijangkar	Oding Mulyadin
4	Cilame	U. Subana
5	Cibelentuk	Supardi
6	Sukatani	Empey Suparna
7	Rancasalak	Eman Sulaeman
8	Barujaya	D. Hidayat
9	Sukamulya	Suparman
10	Alena	Barnas
11	Ciomas	D a d a n

Sumber: Propil Désa Bojong Taun 2018

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEÐAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.2
Ngaran RT jeung Ketua RT

No	Kampung RW/RT	Naran Ketua RT
1	2	3
1	RW 1 /Bojong	
	RT 1 Bojong	Suparman
	RT 2 Cirompang	Entang ruhiyat
	RT 3 Ciputat	Mail
	RT 4 Tegal Putat	Suhandi
2	RW 2 /Tenjolaut	
	RT 1 Tenjolaut	Nana
	RT 2 Rapiak	Hermawan
	RT 3 Cikaleang	Uye
	RT 4 Ciketer	O j a n
3	RW 3 /Cijangkar	
	RT 1 Cijangkar I	Ohin
	RT 2 Cijangkar II	Dedi Suryadi
	RT 3 Cigorowong	Warja
4	RW 4 /Cilame	
	RT 1 Cileles	Suleman
	RT 2 Tegaltengah	Sunirman
	RT 3 Cidahu	Agun
5	RW 5 /Cibelentuk	
	RT 1 Cibelentuk	Y a y a
	RT 2 Selaawi	Karsana
	RT 3 Batutumpang	Ade Sunirman
	RT 4 Salegok	Isar
6	RW 6 /Sukatani	
	RT 1 Sukatani	Yahya
	RT 2 Ganea	Adar
	RT 3 Babakan Tipar	Adin
7	RW 7 /Rancasalak	
	RT 1 Rancasalak	Anha
	RT 2 Babakan	E. Tatang
	RT 3 Talagawangi	Usep Gunawan
	RT 4 Cibuninagara	Ohim
8	RW 8 /Barujaya	
	RT 1 Cipetir	Ismail
	RT 2 Barujaya	Ahmadin
	RT 3 Niagara	Aben
9	RW 9 /Sukamulya	
	RT 1 Sukajadi	Usup

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEÐAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1	2	3
	RT 2 Sukamulya	Ida
10	RW 10 /Alena	
	RT 1 Alena	Herman
	RT 2 Carik	Ajun
	RT 3 Sukakarya	Jana
11	RW 11 /Ciomas	
	RT 1 Ciomas	Mail
	RT 2 Wanasuka	Entur
	RT 3 Cibuluh	Asep Dono

Sumber: Propil Désa Bojong Taun 2015

3.2.2 Penduduk

Jumlah penduduk Désa Bojong nepi ka ahir bulan Desember 2017 aya :4.784 urang anu ngawengku :

Lalaki : 2.387 urang

Awéwé : 2.397 urang

Jumlah KK : 1.632 KK

Sangkan leuwih jelas ngeunaan jumlah penduduk Désa Bojong nepi ka tanggal 31 Desember 2014 katitén dina ieu tablél.

Tabél 3.3
Jumlah Penduduk dumasar Jenis Kelamin

No	RW	Lalaki	Awéwé	Jumlah Lalaki jeung Awéwé	Jumlah Kepala Keluarga
1	2	3	4	5	6
1.	Bojong	289	311	600	231
2	Tenjolaut	145	218	463	140
3	Cijangkar	315	303	618	164
4	Cilame	215	233	448	142
5	Cibelentuk	282	263	545	171
6	Sukatani	194	189	383	144
7	Rancasalak	271	288	559	189
8	Barujaya	222	229	451	156
9	Sukamulya	83	71	154	87
10	Alena	112	120	232	93

Try Permadi, 2018

KASENAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1	2	3	4	5	6
11	Ciomas	159	172	331	115
Jumlah		2387	2397	4784	1632

Sumber: Propil Désa Bojong Taun 2018

3.2.3 Pendidikan

Dina widang pendidikan, saluyu jeung kamekaran jaman kiwari, masarakat di Désa Bojong kawilang maju, jeung ngalarapkeun tur ngalaksanakeun aturan-aturan pamarentah. Katitén tina klasifikasi pagawé jeung fasilitas perkantoran Désa Bojong anu diwincik ti bulan Januari nepi ka ahir taun Desember 2014 nyaéta bisa katitén dina ieu tabél.

Tabél 3.4
Klasifikasi pagawé sakola

No	Pagawé	Jumlah
1	2	3
1	PNS	28 jalma
2	GBS	1 jalma
3	TKK	-
4	Sukwan	32 jalma
Jumlah		51 jalma

Sumber: Propil Désa Bojong Taun 2018

Tabél 3.5
Fasilitas Pendidikan jeung Jumlah Siswa/Siswi

No	Sakola	Jumlah Sakola	Jumlah Siswa/Siswi
1	2	3	4
1	PAUD, TK, RA	4,1,1	196
2	SD	5	1057
3	SMP/MTs	3	478
4	SMA/Aliyah	2	74
Jumlah		16	1.805

Sumber: Propil Désa Bojong Taun 2018

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEÐAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.4 Peta Désa Bojong



Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Sumber Data

Anu dimaksud sumber data dina prosés panalungtikan nyaéta subjek ti mana data dicangking. Upamana panalungtik ngagunakeun kuisisioner, atawa wawancara dina ngumpulkeun datana. Ku kituna, sumber data disebut réspodén, nyaéta jalma anu ngarespon atawa ngajawab patalékan-patalékan nu nalungtik, boh patalékan anu ditulis boh anu lisan (Arikunto, 2013, kc. 172).

Sumber utama tina ieu panalungtikan nyaéta kasenian hadro anu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut, nyaéta maluruh struktur pagelaran kasenian hadro samemeh pagelaran, prakna pagelaran jeung sabada pagelaran, tur kumaha kalungguhan jeung fungsi kasenian hadro di masarakat sarta aya ajén étnopédagogik naon waé dina kasenian hadro nalika dipintonkeun.

3.4 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan asalna tina bahasa Yunani, nyaéta *methodos* anu hartina “cara atawa jalan”. Méthodé mangrupa cara nu sistematis pikeun ngahontal tujuan anu dipikahayang. Hubunganna jeung kagiatan ilmiah, méthode patali masalah jeung cara gawé pikeun maham objék nu jadi targét éta élmu. Ku kituna, méthode bisa dihartikeun salaku cara pamarekan, obsérvasi, ngajéntrékeun hiji hal ku cara ngagunakeun téori. Dina harti nu heureut, méthode téh ngan sakur patali jeung rarancang panalungtikan nu ngawengku prosedur, ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data. Dina harti jembar, méthode panalungtikan mangrupa cara jeung prosedur nu sistematis jeung *terorganisir*, pikeun nalungtik hiji masalah nu tujuanana pikeun nangtukeun informasi nu dipaké minangka solusi keur éta masalah. Cara nu dimaksud nyaéta ku cara nangtukeun méthode ilmiah nu ngawengku ti sababaraha léngkah (Silalahi, 2010, kc. 12-13).

Salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan nyaéta ku ayana méthode panalungtikan. Luyu jeung judul panalungtikan sarta rumusan masalahna, méthode panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Nurutkeun Tan (dina Silalahi 2010, kc. 29) panalungtikan nu ngagunakeun méthode déskriptif miboga tujuan ngagambarkeun sacara jénté ngeunaan sipat-sipat individu, kaayaan, tanda-tanda, atawa hiji kelompok.

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) istilah déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* anu pihartieunana ngabéjérbéaskeun atawa ngagambarkeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatan, jeung sajabana. Ku kituna nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) nu dimaksud panalungtikan deskriptif téh nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal lianna anu geus disebutkeun, anu hasilna dibejerbeaskeun dina wangun laporan panalungtikan.

Saluyu jeung tujuan di luhur, tujuan anu hayang dihontal ku panalungtik dina panalungtikan ieu nyaéta pikeun ngadéskripsikeun jeung ngagambarkeun ulikan struktur, jeung ajén étnopedagogik anu aya dina kasenian hadro pikeun bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hal penting dina panalungtikan. Ku ayana instrumén panalungtikan, prosés ngumpulkeun data bisa leuwih babari. Instrumén panalungtikan ngawengku sakabéh alat atawa cara anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun. Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nyaéta:

- 1) Kaméra digital jeung *handycam*, digunakeun pikeun ngarékam boh dina wangun video boh dina wangun gambar atawa foto nalika wawancara, ngarékam data-data anu aya di lapangan saperti poto jeung video.
- 2) Padoman wawancara, dipaké pikeun nyangking informasi lisan. Padoman wawancara ogé dipaké pikeun nungtun panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara supaya teu méngpar tina tujuan awal nu hayang dihontal nyaéta mikawanoh kasenian hadro.
- 3) Padoman obsérvasi nu dipaké pikeun niténan data lapangan. Dina prak-prakanna padoman obsérvasi dipaké sangkan dina ngumpulkeun data di lapangan leuwih babari sarta bisa milah-milah data mana waé anu penting pikeun ieu panalungtikan.

Tabél 3.6
Padoman Wawancara

Rumusan	Daftar Patalékan
1	2
(1)	(2)
Asal-muasal	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ti iraha ayana kasenian hadro téh? 2. Saha waé anu mimiti mekarkeun kasenian hadro ka Désa Bojong téh? 3. Naha bet dingaranan kasenian hadro? 4. Naon kasangtukang diadegkeun kasenian hadro?
Pakakas anu digunakeun	<ol style="list-style-type: none"> 1. Naon waé waditra anu dipaké dina kasenian hadro? 2. Aya katangtuan husus teu, dina maké pakéan (kostum) pikeun pamaénna? 3. Kumaha parobahan raksukan (kostum) ti baheula nepi ayeuna?
Persiapan jeung prakprakan	<ol style="list-style-type: none"> 1. Persiapan naon waé anu kudu disiapkeun saméméh pagelaran Hadro dipintonkeun? 2. Lagu naon anu dipaké mirig dina kasenian hadro? 3. Di mana tempat pagelaran? 4. Iraha waktuna kasenian hadro dipintonkeun? 5. Dina acara naon waé kasenian hadro dipintonkeun? 6. Sabaraha lila pintonan kasenian hadro dina unggal pagelaran? 7. Sabaraha jalma anggota kasenian hadro nalika minton? 8. Kumaha tahapan dina prak-prakan kasenian hadro?
Cara Ngamumulé	<ol style="list-style-type: none"> 3. Kumaha carana sangkan ieu kasenian henteu leungit? 4. Kumaha harepan pikeun ieu kasenian kahareupna?

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta cara nu kudu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan teu méngpar tina tujuan awal panalungtikanna. Tehnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokumentasi.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data pikeun ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun téhnik studi pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokumentasi. Métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif anu

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sumberna ti masarakat. Aya tilu téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

1) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan cara merhatikeun, niténan, (obsérvasi) anu dibarengan nyatet kaayaan jeung paripolah objék anu ditalungtikna. Jalma anu ngalakukeun obsérvasi disebut “pengobsérvasi” (*observer*), sedengkeun anu diobsérvasina disebut “terobsérvasi” (*observee*) (Fathoni, 2006, kc. 104). Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2013, kc. 272) nyatet data obsérvasi lain ngan sakur nyatet, tapi ogé ngayakeun tinimbangan tuluy ngayakeun panalungtikan kana skala anu ningkat.

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan prosés tanya jawab jeung jalma anu rék dijadikeun narasumber. Nurutkeun Fathoni (2006, kc. 105) wawancara téh nyaéta téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan prosés tanya jawab lisan nu lumangsung sacara saarah. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 270) pedoman wawancara anu loba digunakeun nyaéta wangun *semi structured*. Dina hal ieu, mimiti *interviewer* nanyakeun patalékan-patalékan anu geus disusun, terus hiji-hiji dilenyepan dina ngorék katerangan leuwih jero. Ku kituna, jawaban anu dipibanda bisa ngawengku sakabeh variabel, ngaliwatan katerangan anu lengkep jeung nyosok jero.

3) Téhnik dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nyaéta néangan data anu ngeunaan hal-hal atawa variabel anu ngawujud catetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen rapat, lengger, agenda, jeung sajabana (Arikunto, 2013, kc. 274). Téhnik dokuméntasi nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun informasi anu mangrupa media gambar. Anu didokuméntasikeun nyaéta sakabeh kajadian atawa anu dilaksanakeun dina kagiatan boh pagelaran kesenian atawa wawancara dina prak-prakanana panalungtikan.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpulkeun, diteruskeun kana ngolah data, sarta nganalisis struktur jeung ajén étnopédagogi anu aya dina kasenian hadro. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus kakumpul;
- 2) Nganalisis jeung milah-milih data anu geus kakumpulkeun tuluy diolah;
- 3) Nganalisis struktur jeung étnopédagogik anu aya dina kasenian hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut;
- 4) Ngadéskripsikeun hasil penapsiran tina wawancara jeung obsrvasi;
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil nganalisis struktur jung étnopédagogik anu aya dina kasenian hadro.

3.7 Wangenan Oprasional

Sangkan aya gambaran ngeunaan ieu panalungtikan, perlu dijéntrékeun wangenan istilah nu aya dina ieu panalungtikan.

- 1) Kasenian hadro nyaéta kasenian anu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut. Ieu kasenian mangrupa ébréhan kereteg angen-angen masarakat Bojong dina ngahontal kasugemaan batin nu tujuanna pikeun ngadeukeutkeun diri ka Pangéran. Kasenian hadro sok dipagelarkeun dina unggal kagiatan kaagamaan jeung upacara tradisi nu di antarana nyaéta dina acara muludan, rajaban, sunatan jeung nikahan, malah baheula mah sok dipagelarkeun dina upacara panén.
- 2) Bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP nyaéta salah sahiji komponén pangajaran nu aya dina KIKD basa daérah, nyaéta basa Sunda, nu miboga tujuan sangkan siswa bisa nyangkem wacana kasenian jeung kabudayaan nu jadi bahan pangajaran. Ieu udagan pangajaran maca téh pikeun siswa SMP kelas VIII, nyaéta dina pangajaran maca artikel seni budaya Sunda anu matérina tina hasil panalungtikan kasenian hadro nu aya di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut.

Jadi bisa dicindekkeun yén tujuan tina judul “Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Seni Budaya Sunda di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”,
Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEĐAGOGIK

nyaéta tarékah pikeun ngadéskripsieun sarta nganalisis ajén struktural jeung étnopédagogik nu aya dina kasenian hadro tur ngalarapkeun kana bahan pangajatan maca artikel seni budaya Sunda pikeun siswa SMP kelas VIII.

Try Permadi, 2018

KASENIAN HADRO DI DÉSA BOJONG KACAMATAN BUNGBULANG KABUPATEN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP : ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu